

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun kalayan tujuan pikeun nganalisis struktur carita sarta maluruh citra jeung kalungguhan wanoja nu digambarkeun ku tokoh utama wanoja. Objék tina ieu panalungtikan nyaéta tina rumpun sastra Sunda dina wangun novel nu judulna *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia. Hal-hal anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta 1) struktur carita dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia, 2) citra wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia, 3) kalungguhan wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia. Anapon tiori anu digunakeun nyaéta dina ieu panalungtikan nya éta tiori struktural Robert Stanton, tiori féminis idéologis Djajanegara nu nyoko kana citra wanoja jeung kalungguhan tokoh utama wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia. métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis klayan maké téhnik talaah pustaka. Instrumén panalungtikan anu dilarapkeun pikeun mupu jeung ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa tabél jeung kartu data struktural, citra wanoja, jeung kalungguhan.

Dumasar kana hasil pedaran Bab VI, ieu panalungtikan téh bisa dicindekkeun: 1) **Téma** dina ieu novel nyaéta ngeunan perluna hirup silih ajénan utamana mah antara lalaki jeung wanoja boh dina hirup kumbuh di masarakat boh dina kahirupan rumah tangga. **Galur** dina ieu novel téh nyaéta mobok tengah, éstu nyaritakeun deui kajadian mangsa anu geus kaliwat jeung kajadian anu keur dirandapan. Ku kituna, galur dina ieu novel dibagi kana bagian awal, tengah jeung ahir. Konflik anu kapaluruh téh aya konflik batin jeung konflik sosial. **Tokoh** nu kapanggih dina ieu novel téh aya 28 tokoh, nyaéta Anten, Surtikanti, Alam, Reyhan, Ibi, Mamah Mitra, Mamah Anten, Mama (Bapa Anten), Agah (Papih Kanti), Mamih Kanti, Babam (Bapa Alam), Mamah Alam, Tio, Kohar, Tari, Hinan, Wastika, Karja, Salki, Bu Konah, Bu Bahri, Radén Andang Jaya Perkasa, Darji, Tanteu Mari, Orwan,

Tanteu Lisye, Insinyur Delan, jeung Irwan. Tokoh-tokoh anu kapaluruh sakitu réana dina novel *Kembang-kembang Anten* téh henteu kabéh boga peran penting dina galurna carita. Tokoh anu muncul minangka jadi panglengkep téh di antarana Tio, Kohar, Tari, Hinan, Wastika, Karja, Salki, Bu Konah, Bu Bahri, Radén Andang Jaya Perkasa, Darji, Tanteu Mari, Orwan, Tanteu Lisye, Insinyur Delan, jeung Irwan. Tokoh-tokoh anu ditataan ku pangarang téh mangrupa gambaran dina kaayaan modéren aya kénéh generasi mangsa colonial. Éta hal téh katitén tina gaya hirup anu bébas dina mangsa modéren tapi aya kénéh status sosial saperti kaum cacah jeung ménak, modéren jeung tradisi, nu nyangking atikan jeung nu teu nyangking atikan. Kaayaan di luhur téh diwewegan ogé ku ayana latar anu ngaawangun dina ieu novel. **Latar** anu kapaluruh nyaéta lembur jeung kota. Dua wewengkon anu béda, tangtu ngalahirkeun situasi sosial anu béda. Nilik kana éta hal lembur téh minangka ngagambarkeun situasi sosial kaum cacah nu teu bisa nyangking atikan. Sedengkeun kota digambarkeun minangka situasi anu ngawakilan situasi sosial kaum ménak, nu nyangking atikan formal jeung tradisi, sarta gaya hirupna an modéren. **Sarana sastra** di antarana judul anu luyu jeung eusi carita. *Kembang-kembang Anten* téh mangrupa judul sarta gambaran anu diébréhkeun ku pangarang ngeunaan kumaha éndahna wanoja ku ssipat kawanojaanana. Lian ti kitu pangarang ogé negeskeun yén wanoja kudu bisa nempatkeun dirina salaku wanoja anu saenyana, wanoja boga hak pikeun nyangking atikan sarta diajénan dina hirup kumbuhna di masarakat jeung di kulawarga. Éta hal téh katitén tina narasi-narasi anu dicaritakeun boh langsung ku pangarang boh ngaliwatan tuturan palaku dina novel. Lebah dieu pangarang ngagunakeun puseur sawangan jalma katilu-teu kawatesanan atawa bébas.

Citra wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten* téh nyaéta 1) citra fisik, salaku wanoja anu sampurna; 2) citra psikis *multiple approach avoidance conflict* nyaéta tokoh utama wanoja anu ngalaman konflik psikis sabab nyanghareupan dua situasi nu ngandung motif positif jeung négatif.

Kalungguhan wanoja dina ieu novel *Kembang-kembang Anten* nyaéta kalungguhan wanoja di kulawarga salaku 1) wanoja teureuh ménak, nu digambarkeun ku tokoh Anten salaku wanoja teureuh ménak kudu pengkuh kana

adat sarta aturan-aturan kulawargana, heureut léngkah, teu sagawayah bisa ngalakonan kahirupan anu bébas saperti wanoja séjénna; 2) wanoja nu lahir dina mangsa modéren, nu digambarkeun ku tokoh Surtikanti salaku wanoja ti kulawarga modéren. Sagala pangabutuhna dicumponan, sagala paméntana ditedunan, gaya hirupna luyu jeung kamajuan jaman, indung bapana ogé henteu nyieun aturan anu tangtu pikeun Kanti nandangan jalan hirupna. Ari kalungguhan wanoja di masarakat nya éta; 1) wanoja ménak nu nyangking atikan formal jeung non-formal, digambarkeun ku tokoh Anten salaku wanoja teureuh ménak nu sakola formal sarta ku indung bapana dideudeulan ku atikan tradisi hususna ngeunaan hakékat wanoja anu saenyana; 2) wanoja nu nyangking atikan formal wungkul digambarkeun ku tokoh Kanti salaku wanoja turunan jalma beunghar sarta tumuwuh dina kahirupan anu modéren, pergaulan bébas, gaya hirupna kaleuleuwihi.

Copélna mah antara tokoh ménak nu nyangking atikan formal jeung tradisi téh béda citrana jeung tokoh wanoja nu nyangking atikan formal hungkul. Anten salaku tokoh ménak nu nyangking atikan formal jeung tradisi téh boga citra anu positif, hadé haté, kuat, kritis, samalah mah jadi wanoja nu mangaruhan citra positif ka wanoja séjénna dina hirup kumbuhna. Sedengkeun tokoh nu gaya hirupna modéren sarta nyangking atikan formal hungkul citrana positif dina sawangan masarakat kaum modéren, tapi négatif dina sawangan kaum masarakat biasa jeung ménak ku sabab sifatna nu ogo, teu payaan, timburuan, jiwa sosialna kurang, ngabalukarkeun ayana kesan kurang hadé.

Ditilik tina eusi carita ieu novel *Kembang-kembang Anten* téh lain baé ngan ukur buku bacaan, tapi ogé eusina ngandung maksud anu jero. Pangarang ngébréhkeun gambaran ku ayana dunya anyar pikeun kaum wanoja hususna nyaéta dunya anu silih ajénan antara sasama, pangpangna antara wanda baga téh di antarana ku jalan nyangking atikan. Tapi, atikan anu dimaksud ku pangarang téh teu ukur atikan nu sifatna formal, tapi atikan anu sifatna non-formal ogé penting. Pikeun pangarang wanoja nu nyangking atikan sakola luhur téh lain ngan ukur pikeun karir, tapi pikeun merenahkeun dirina salaku wanoja anu pantes pikeun diajénan, dihargaan di masarakat minangka nu luhung darajatna. Kitu deui yén

wanoja téh henteu cukup ngan ku pinter, jeung hadé haté, tapi pikiranana ogé kudu maju jeung kritis.

5.2 Implikasi

Implikasi tina hasil nganalisis unsur stuktural, citra wanoja, jeung kalungguhan wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia. Dina hiji panalungtikan tangtu moal leupas tina kahéngkéran jeung kaonjoyan. Sanajan kitu, panalungtik miharep yén kaonjoyan nu aya dina ieu panalungtikan téh bisa mawa kahadéan, boh sacara umum pikeun sakumna pamaca boh sacara husus pikeun panalungtik. Dumasar kana hasil panalungtikan, ku ayana ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan unsur antropologi sastra dina karya tulis, utamana dina novel Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan ulikan, hususna nu medar ngeunaan féminis idéologis (citra wanoja sarta kalungguhanana).

5.3 Rékomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan citra wanoja Sunda dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan sangkan leuwih gemet deui nalungtik perkara citra wanoja atawa ulikan féminisme.

Anu kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan anu bisa méré mangpaat nu leuwih keur jalma réa. Kadua, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakuranganana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih deui neuleuman atawa leuwih maham ngeunaan féminisme sastra hususna féminisme idéologis. Katilu, ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan anu lega. Dipiharep panalungtikan saterusna bisa ngagunakeun pamarekan séjén pikeun ngajembaran pangaweruh kana panalungtikan sastra. Kaopat, pikeun pamaca jeung masarakat umum, dipiharep bisa gawé bareng bisa ngaronjatkeun budaya literasi. Ku saba, ku lobana maca éstu bakal ngajembaran, jeng ngwewegan élmu pangaweruh sangkan bisa ngahasilkeun generasi anu leuwih kritis dina nyanghareupan pasualan-pasualan anu nyampak di jaman kiwari.

Rifa Nurlaili Rahmah, 2020

CITRA WANOJA SUNDA DINA NOVEL KEMBANG-KEMBANG ANTEN KARYA AAM AMILIA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG FÉMINISME)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu